

**KONSANTMAN POU DEFWALE MALADI
ATRAPAN**

**REMAK: SE PA KONSANTMAN KI APWOPRIYE
POU ENFOMASYON KI GEN RAPÒ AK VIH**

SIYATI PASYAN	PRENON	M.I.
NIMEWO DOSYE		
ETABLISMAN	INITE	

ENSTRIKSYON: BAY PASYAN AN YON KOPI FOM LAN! Prepare yon (1) kopi pou Dosye Pasyan an

Yo enfòmè m pou di mwen dwe siyale maladi atrapan yo bay Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) ak/oswa depatman sante lokal la nan espas 24 èdtan apre dyagnostik la, jan Kòd Sanitè Eta New York (10 NYCRR 2.10) defini sa. Yo enfòmè mwen tou sizoka yo ta detèmine mwen gen yon maladi atrapan, sant tretman an ka pa siyale sa bay Depatman Sante ak/oswa depatman sante lokal la san konsantman alekri mwen.

Kidonk, pou m pèmèt sant tretman an respekte egzijans pou siyale maladi atrapan yo, mwen bay konsantman mwen pou m pèmèt sant tretman yo site pi wo a bay NYSDOH ak/oswa depatman sante lokal la enfòmasyon sou lefètke mwen trape yon maladi atrapan, sizoka yo ta dyagnostike m genyen yon maladi konsa.

Yo dwe sèlman bay non mwen, adrès mwen, dyagnostik mwen, idantite moun mwen ka te ekspoze ak maladi a, sous maladi mwen an (si yo konnen li) epi (Presize) nepòt tretman yo bay, ak nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak li pou swen medikal y ap kontinye bay lè y ap devwale maladi a.

Mwen konprann mwen ka anile konsantman sa a nenpòt lè sof pou yo pran mezi ki depannde li, epi yo pa kapab pataje enfòmasyon konsantman sa a ak NYSDOH ak/oswa depatman sante lokal la ankò san mwen pa bay yon lòt otorizasyon alekri. Mwen konprann tou konsantman sa a pral ekspire sis (6) mwa apati dat yo egzeyate m nan sant tretman yo site pi wo a. Mwen konprann tou nenpòt pataj enfòmasyon dwe fèt selon Tit 42 nan Kòd Règlemantasyon Federal ki reji zafè konfidansyalite dosye pasyan ki pran alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Pòtablite ak Responsablite Asirans Sante ("Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA") 45 C.F.R. Pts. 160 & 164; epi yo entèdi moun pataje enfòmasyon sa yo ankò ak yon pati ki pa pati yo deziyen pi wo a san mwen pa bay yon lòt otorizasyon alekri.

Siyati Pasyan an

Dat

REMAK: Nenpòt enfòmasyon yo bay atravè fòm sa a ap gen fòm entèdiksyon sou zafè Repataje Enfòmasyon Konsènan Pasyan ki Pran Alkòl/Dwòg (TRS -1)

Egzijans pou Siyale Maladi Atrapan DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK Fè

Se yon obligasyon pou siyale ka maladi atrapan ou sispèk oswa konfime selon Kòd Sanitè Eta New York (10NYCRR 2.10,2.14). Se doktè a ki gen prensipal responsablite pou siyale maladi a; anplis, yo egzije laboratwa yo (PHL 2102), enfimiyè lekòl yo (10NYCRR 2.12), direktè sant swen yo, mezon retrèt/lopital yo (10NYCRR 405.3d) ak enstitisyon leta yo (10NYCRR 2.10a) oswa lòt kote ki bay sèvis sante yo (10NYCRR 2.12) pou yo siyale maladi ki pi ba yo.

Anaplastmòz	Kriptosporidyòz	Fanm ansant ki gen epatit B enfeksyon	Lawoujòl Makak	Antewotoksin B stafilokòk
Amibyaz	Siklosporiyaz	Èpès, tibebe	Malmouton	anpwazònman²
(Koutdan bèt yo fè pwofilaksi maladi raj pou yo¹)	(Difteri)	ki gen 60 jou oswa mwens enfeksyon ki asosye	Koklich	Enfeksyon stafilokòk (maladi envazif) ⁵
(Maladi chabon²)	Enfeksyon E.koli O157:H7 ⁴ Èlikyòz	ak lopital (jan sa defini nan seksyon 2.2 10NYCRR)	(Lapès²)	Estrèptokòk beta-emolitik gwoup A
(Enfeksyon aboviral³)	(Ansefalit Maladi nan Manje)	Grip,	(Polyomyeli t)	Estrèptokòk gwoup B
(Babesyòz)	Jyadòz Mòv ²	Lejyonelòz yo	Sitakòz	Memokòk Sifilis,
(Botilis² Lafyè^v nan san²)	Enfeksyon gonokòk Amofilis enflouyenza ⁵ (maladi envazif)	konfime nan laboratwa	(Q)	(presize etap⁷)
Kanpilobakteryòz	(maladi Antaviris)	Listeryòz	(Lafyè^v Raj¹)	Tetanòs
Chank Mou	Sendwòm iremik emolitik Epatit A	Maladi Lim	Lafyè ^v tach Montay	Sendwòm chòk toksik
Enfeksyon klamidya trakomatis	(Epatit A kay moun k ap prepare manje)	Lenfoganilòm veneryen	(Wòch Woubewòl (ki gen ladan sendwòm woubewòl konjenital))	Ansefalopati ki gen fòm eponj ki atrapan ⁸ (TSE)
(Kolera)	Epatit B (presize si se grav oswa kwonik)	Malarya	Salmonelòz	Trichin
(Kowonaviris (grav oswa nouvo) Nouvo Kowonaviris 2019 (COVID-19))	Epatit C (presize si se grav oswa kwonik)	(Lawoujòl Meliyoyid òz²)	E.koli ki pwodui chigatoksin ⁴ (STEC)	(Maladi tibèkiloz aktyèl (presize kote a))
Sendwòm Respiratwa Egi Sevè (SARS)		Menenjit aseptik oswa	Chigelòz ⁴	(Tilaremi²)
Sendwòm Respiratwa Mwayèn Oryan (SARS)		(Giral)	(Lavaryòl²)	(Tifoyid)
		(Emofilis)	Stafilokòk dore ⁶ (akoz souch ki montre sansiblite oswa rezistans fas ak vankomisin lan redui)	(Maladi vaksin⁹)
		(Menengokosi)		Vibriyòz ⁶
		Lòt (presize ki tip)		(Lafyè^v emorajik viral²)
		(Menengokosemi)		Yèsinyòz

KIYÈS KI TA DWE SIYALE?

Doktè yo, enfimiyè yo, direktè laboratwa yo, pratisyen kontwòl enfeksyon yo, etablisman swen sante yo, enstitisyon leta yo, lekòl yo.

KI KOTE YO TA DWE AL SIYALE?

Al siyale yo nan depatman sante lokal kote pasyan an ye a.

Moun pou Pran Kontak _____

Non _____

Adrès _____

Telefòn _____ Faks _____

KILÈ YO TA DWE AL SIYALE?

Nan espas 24 èdtan apre dyagnostik la:

- Maladi pou siyale nan telefòn yo an gwo karaktè,
- Voye rapò dosye pa lapòs, DOH-389, pou tout lòt maladi yo.
- Nan Vil New York, itilize fòm PD-16.

NÒT ESPESYAL

- Maladi ki an **gwo karaktè** yo jistifye aksyon rapid epi yo dwe siyale yo **tousuit** bay depatman sante lokal yo nan telefòn. Apresa, y ap soumèt fòm rapò dosye konfidansyèl la (DOH-389). Nan Vil New York, itilize fòm rapò dosye PD-16.
- Anplis maladi ki pi wo yo, yo ka siyale nenpòt maladi ki ra (yo defini kòm yon maladi oswa sentòm ki fenk parèt oswa k ap parèt yon enfeksyon oswa toksin mikwòb te kapab lakoz).
- Epidemi: menm si yo pa siyale plizyè ka patikilyè kèk maladi (pa egzanz, malgòg estrèptokòk lakoz, pou nan tèt, chank, gal ak nemoni), yon gwoup oswa epidemi nenpòt maladi atrapan se yon bagay pou siyale.
- **Ou ka siyale ka enfeksyon VIH, maladi ki gen rapò ak VIH ak SIDA sou fòm DOH-4189 ou ka jwenn lè w kontakte:**
Divizyon Epidemyoloji, Evalyasyon ak Rechèch
P.O. Box 2073,
ESP Station
Albany, NY 12220-
2073 (518) 474-
4284
Nan Vil New York: Depatman Sante ak Ijyèn Mantal
Vil New York Pou Siyale VIH/SIDA, rele nan:
(212) 442-3388

1. Yo dwe enfòm depatman sante lokal la avan yo tanmen pwofilaksi maladi raj la.
2. Maladi ki ka endike teroris biyolojik.
3. Tankou, men gen toujou, enfeksyon viris ansefalit ekwin lès, viris Nil Oksidantal, viris ansefalit Senlwi, viris Lakwòs, viris Powasan, Viris Jamestown Canyon, deng ak lafyèy jòn lakoz.
4. Ou ta dwe siyale rezilta tèst chigatoksin ki pozitif kòm prèv ou sipoze ki pou maladi a.
5. Siyale sèlman ka ki gen kilti san, likid sefalorachidyen, likid jwenti, likid peritoneyal oswa likid plèy ki pozitif. Pa siyale ka ki gen kilti po, dlo bouch, krache oswa gòj ki pozitif.
6. Sa yo pwopoz pou ajoute nan lis la.
7. Ou ta dwe siyale nenpòt tèst ki pa tèst teponèm ki pi plis pase oswa ki egal ak 1:16 oswa nenpòt tèst avan akouchman oswa tèst pandan akouchman ki pozitif kèlkeswa tit oswa nenpòt maladi ki nan premye oswa dezyèm etap, nan telefòn; ou ka siyale tout lòt yo pa lapòs.
8. Li gen ladan maladi Creutzfeldt-Jakob. Ou ta dwe siyale ka yo dirèkteman nan Rejis pou Maladi Alyzamè ak Lòt Maladi Foli ki nan Depatman Sante Eta New York la nan (518) 473-7817 si w sispèk ou malad. Nan Vil New York, yo ta dwe siyale ka yo tou bay NYCDOHMH.
9. Moun ki gen enfeksyon vaksin akoz transmisyon nan kontak ak moun epi moun ki gen konplikasyon sa yo akoz vaksen; pistilòz vaksinifòm, eritèm polimòf majè oswa sendwòm Stevens-Johnson, vaksin fetal, vaksin jeneralize, vaksinasyon envolontè, vaksin nan je, ansefalit oswa ansefalomyelit apre vaksin, vaksin k ap pwogrese, enfeksyon pyojèn kote ki enfekte a, ak nenpòt lòt move bagay ki grav.

PLIS ENFÒMASYON

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou siyale maladi, rele depatman sante lokal ou a oswa
Biwo Kontwòl Maladi Atrapan ki nan
Depatman Sante Eta New York nan
(518) 473-4439
oswa (866) 881-2809 apre biwo fèmen.
Nan Vil New York, 1 (866) NYC-DOH1.
Pou jwenn fòm pou siyale (DOH-389), rele nan (518) 474-0548.